

5 septanm

Senyè a ekri tout pawòl kontra a sou wòch plat yo. Se te dis kòmandman yo. Egzòd 34. 28

Dis pawòl yo (1)

Twa mwa apre yo delivre anba lesklavaj nan peyi lejip, pèp izrayèl la te resevwa “dis kòmandman yo” ke Bondye li menm te bay ofisyèlman sou mòn Sinayi. Dis kòmandman sa yo, dapre ekspresyon yo itilize a, ta dwe rele pito “dis pawòl yo”. Se konsa Bib la pale de yo plizyè fwa (Egzòd 34. 28, Detewonòm 4. 13 e 10. 4). Se yo ki baz premye kontra ant Bondye ak pèp li sou latè.

Men yo ale pi lwen. Yo bay limyè Bondye sou konpòtman ant lèzòm, menm jan pou relasyon yo ak li.

Okenn kilti, okenn sivilizasyon pa ka soti anba dis pawòl sa yo. Yo ankouraje nou pran konsyans peche epi yo fè nou konprann sous li ak karaktè li.

Jodi a, dis pawòl sa yo pa fòme yon kontra ant Bondye ak nou menm kretyen. Nou nan yon relasyon nouvo, ki chita sou kado Senyè Jezi te fè lè l te bay lavi li sou lakwa, ki fè nou pitit Bondye, ki fè nou konnen l tankou Papa a. Men dis pawòl sa yo toujou kenbe enpòtans yo, paske y ap klere nou, ak tout Bib la, sou sa ke Bondye rele byen ak mal.

Nan epòk nou an kote yo di sa depann nan tout bagay, kote ke chak moun ap eseye defini byen ak mal nan pwòp fason pa l, nou dwe li pawòl sa yo epi kite limyè yo klere tout nanm nou.

5

septembre

L'Éternel écrivit sur les tables les paroles de l'alliance, les dix paroles. Exode 34. 28

Les dix paroles (1)

Trois mois après avoir été libéré de l'esclavage de l'Égypte, le peuple d'Israël a reçu "les dix commandements" donnés avec solennité par Dieu lui-même sur le mont Sinaï. Ces dix commandements, selon l'expression consacrée, devraient plutôt s'intituler "les dix paroles". C'est ainsi qu'en parle plusieurs fois la Bible (Exode 34. 28, Deutéronome 4. 13 et 10. 4). Elles formaient la base de la première alliance entre Dieu et son peuple terrestre.

Mais elles ont une portée plus large. Elles donnent l'éclairage de Dieu sur le comportement des hommes entre eux, comme sur leurs relations avec lui.

Aucune culture, aucune civilisation n'échappent à la portée de ces dix paroles. Elles nous incitent à prendre conscience du péché et nous font comprendre son origine et son caractère.

Aujourd'hui ces dix paroles ne forment pas une alliance entre Dieu et nous, les chrétiens. Nous sommes placés dans une relation toute nouvelle, fondée sur le don que le Seigneur Jésus a fait de sa vie à la croix, celle d'enfants de Dieu, connu comme le Père. Mais ces dix paroles gardent toute leur pertinence, en ce qu'elles nous éclairent, avec toute la Bible, sur ce que Dieu appelle le bien et ce qu'il appelle le mal.

À notre époque où tout est relativisé, où chacun est tenté d'avoir ses propres définitions du bien et du mal, nous avons besoin de lire ces paroles et de laisser leur lumière éclairer tout notre être intérieur.

Suite les 11 prochaines semaines